KOMINIKE POU LAPRÈS

Pou difizyon imedya

24 janvye 2026

Jounen Entènasyonal Edikasyon

Jèn, edikasyon, sitwayènte: konstui ansanm avni Ayiti

Nan peyi Ayiti, gen plizyè milye timoun ak jèn ki leve chak maten san yo pa ka ale lekòl, se pa paske yo pa vle, men paske vyolans fòse yo kouri kite lakay yo. Yo kite katye yo, kay yo, pafwa fanmi yo, e souvan sal klas yo. Nan kan moun deplase yo, lekòl vin tounen yon souvni frajil, men an menm tan tou yon espwa ki kenbe fèm. Paske malgre laperèz, malgre ensekirite, jèn sa yo kontinye kwè edikasyon se sèl chans yo genyen pou konstui yon avni ak diyite.

« Se pa mwen ki kite lekòl, se ensekirite ki mete m deyò », se sa yon adolesan rakonte. Yon jèn fi ajoute : « Mwen pèdi liv mwen yo, men mwen pa pèdi anvi pou aprann. » Pawòl sa yo nou tande nan kan moun deplase yo, di yon verite ki enpòtan anpil : lekòl pa yon liks. Li se yon dwa fondamantal, yon espas pwoteksyon, yon ranpa kont vyolans.

Lè lekòl yo okipe oswa lè yo pa louvri yo, se yon pòt ki fèmen, epi se pòt chimen pou lavi ki vin menase. San lekòl, timoun yo vin pi ekspoze ak eksplwatasyon, pwostitisyon, gwosès twò bonè, anwolman nan gang, ak abandone lekòl. **Men jèn yo konnen sa tou : « Lè yo fèmen lekòl, yo louvri pòt pou vyolans. » Pou yo menm, edikasyon makònen dirèkteman ak lapè, ak sitwayènte, ak kapasite pou rete kanpe doubout nan yon peyi ki ajenou.**

Nan kan yo, malgre mizè ak lavi difisil, gen jès rezistans nou obsève. Elèv yo mete tèt yo ansanm pou diskite, pou aprann leson, pou ede youn lòt**. « Lè gen yon moun ki li pi byen, li ede lòt yo », se sa yon adolesan rakonte.** Jès sa yo montre solidarite pa fin disparèt lè gen deplasman. Li chanje fòm, li adapte l, li siviv. Jèn sa yo di klèman yo pa vle sèlman èd : yo mande pou yo rekonèt yo kòm aktè toutbonvre nan avni Ayiti.

Nan okazyon Jounen Entènasyonal Edikasyon 2026 la, pledwaye sa a se pou tout peyi a: otorite yo, patnè yo, sosyete sivil la, men tou chak sitwayen. Li raple yon verite nou twò souvan bliye : nou p ap janm ka rebati Ayiti san lekòl, epi nou p ap janm ka bati lapè si nou kite tout yon jenerasyon san bon jan konesans.

Jodi a, Centre Muse Haïti envite nou koute vwa elèv deplase yo ki refize dekourajman. Li lè pou nou rekonèt edikasyon se yon ijans, menm jan ak sekirite ak èd imanitè. Li ijan tou pou nou chwazi yon avni ki chita sou sitwayènte, diyite ak solidarite.

Jèn sa yo pare pou jwe patisyon pa yo. Yo di l klè : « Nou pa vle sèlman pèdi tan nou lekòl, nou vle fè espò epi aprann metye itil pou chanje Ayiti. » Se pou nou menm jodi a garanti yo dwa sa a. Paske pwoteje edikasyon jodi a, se konstwi avni Ayiti.

Sou Centre Muse Haïti (CEMUH)

Rue Dr. Brun Ricot, Bourdon, 509 31915892 **| musehaitiorg@gmail.com|**
info@centremusehaiti.org | smusehaitiorg@yahoo.com| www.centremusehaiti.org

Centre Muse Haïti (CEMUH) se yon asosyasyon jèn ki pa gen misyon pou fè lajan ki te kreye 16 fevriye 2019. Li rasanble jèn ki soti nan plizyè orizon, ak objektif pou soutni sektè ki ka pote chanjman pozitif nan sosyete a, sitou nan domèn edikasyon, atravè aprantisaj ak pratik sitwayènte. Asosyasyon sila a mennen aktivite edikasyon ak fòmasyon, epi li travay pou pwomosyon kilti, dwa moun ak pwoteksyon anviwònman an.

Jan sa ekri nan dokiman fondatè li yo, deviz li — **« Li pou aprann – li pou konprann – li pou chanje »**, ki reflete vizyon li : kontribye nan konstriksyon yon sosyete miyò, ki pi vivab, pandan li patisipe nan transfòmasyon sosyal.

Kontak pou laprès :

Terry Weber BELFLEUR
Ofisye kominikasyon
musehaitiorg@gmail.com